



Kidonk, ou te mande pou HMH rekonèt ou kòm yon sendika. Lè HMH pa te reponn, ou te aplike pou eleksyon Sendika ou avèk Konsèy Nasional sou Relasyon nan Travay (National Labor Relations Board, NLRB). Men sa ou ka atann pandan w ap fè wout ou nan direksyon pou genyen Vwa Sendikal ou.

1. **NLRB pral evalye petisyon yo** ak detèmine ou jwenn sipò nesesè pou patisipe nan yon eleksyon epi yon **dat ak metòd votasyon pral anonse**.
2. HMH dwe (dapre lalwa) pataje yon **notifikasyon avèk tout votè ki kalifye yo** pou di gen yon eleksyon ki gen pou fèt.
3. Nan tout wout la **patwon yo ki kont kanpay sendika yo pral entansifye**, destriktè sendika ki koute sa yo pral lakòz "Doulè nan Travay" atravè rankont youn ak youn, move enfòmasyon, taktik krent, vizit aleyatwa oswa nenpòt tantativ pou sispann ou. Men, sonje, **patwon an pa gen vòt, OU MENM ou genyen!**
4. **Rete pozitif. Rete konekte.** Jwenn enfòmasyon nan men kolèg konfyans!
5. **Patizan yo kanpe ini ak montre sipò publik yo ak Sendika nou an** nan mete otokolan ak pran foto inite. Si yon moun mande foto ou, asire li pran yon foto VOTE WI pou HPAE
6. **VOTE WI AK GENYEN GWO** avèk gwo patisipasyon. **Komite Òganizasyon ou an pral asire tout moun konnen kilè ak kijan pou vote.**
7. **Yon fwa nou genyen, nou ka kòmanse negosye pou yon lavi ki pi bon.** Ou deside swa ou renmen salè ki pwopoze a, avantaj yo ak règ yo ki afekte kondisyon travay yo. Ou ka vote pou aksepte oswa rejte nenpòt kontra ki pwopoze epi rete aktif nan rann lopital nou an yon pi bon plas pou travay.

## N AP DEFANN

- Sekirite ak PPE
- Salè Jis
- Kondisyon Travay ki Pi Sekiritè
- Siveyans nan Tranzisyon
- Dotasyon Pèsonèl ki Pi Sekiritè
- Règ ak Rekou Ekitab
- Sekirite Travay
- Tretman Egal pou Tout

Ou gen kesyon sou òganizasyon an? Ou vle konnen kisa manadjè ou *kapab ak pa kapab* fè dapre lalwa, pandan w ap kreye sendika ou a? Kontakte Òganizatè HPAE a, Suzanne Collado nan (732) 655- 8826. Jwenn enfòmasyon reyèl konsènan kanpay òganizasyon nou an nan men sila yo ki konnen, men pa nan men sila yo ke konsiltan nan zafè lajan yo fòme ki ta ka PPE ou ak salè ou genyen nan travay di.